

## ХУАРЗИ ФАРНÆ АДÆМИ ЦИЙНÆДЗИЙНАДИ РАЗИННУЙ!..

***Уæрæсей Пенсион фонди 2022 анзи бюджети куд нисангонд цæуй, уотемæй ниййерæги капитал индексацигонд æрцæудзæнæй: фиццаг сувæллони номбæл фист цæудзæнæй 503 237 соми, дуккаг сувæллони номбæл ба – 665 009 соми. Ниййерæги капитали туххæй сæрмагонд программæ Уæрæсей æ хъаури бацудæй 2007 анзи. Æма райдайæни уой фæрæзнитæ лæвардтонцæ, дуккаг сувæллон кæмæн райгурдæй, еци биййонтæн. 2020 анзæй фæстæмæ еци фæрæзнитæ дех кæнун райдæдтонцæ биййонти фиццаг сувæллони номбæл дæр.***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

№32 (813) 2021 анзи 4 сентябрь – рухæни мæйæ

Аргъ 1 туман

**РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»**

2022 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН.
Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИ ÆРДÆГÆН ÆЙ 471 СОМИ ÆМА 24 КЪАПЕККИ; УÆЛБАРТÆМÆ ГÆСГÆ БА – 406 СОМИ ÆМА 98 КЪАПЕККИ.

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МА УÆ ПОСТХÆССÆГÆН БАБАРÆ КÆНГÆЙ.**




# БЕСЛÆН... ИМИСÆН... ХЪОНЦ КÆНÆН...

## НОМЕРÆН

Æвддæс анзей размæ, 2004 анзи 1 сентябри, Беслæни æрцудæй уой размæ дуйней ка некæдма адтæй, истори ке нæма зудта, уæхæн æверхъау фудбæлах – зонундзийнæдти райдзаст Бон бæрæг кæнуни рæстæг террористти къуар æрбампурстонцæ аци сахари фиццаг скъоламæ æма амæнати райстонцæ скъоладзаути, сæ ахургæнгути, сæ ниййергути – æртæ бони æма дууæ æхсæвей дæргъи сæ æнæ донæй, æнæ хуæруйнагæй æма æнæ хуастæй фæгъгъезæмарæ кодтонцæ...

Беслæни теракти 2004 анзи 1-3 сентябри фæммард æй 334 адæймаги, уонæй 186 адтæнцæ сувæллæнттæ. Æдасдзийнади федералон служби спецнази дæс æфсæддони, Æнæнгъæлæги уавæрти министради æртæ косæги, 800 адæймагемæй фулдæр фæцæнцæ аллихузи уæззау цæфтæ, беретæ си сæ царди кæронмæ байзадæнцæ сахъатæй.

Уæдæй фæстæмæ уотæ байзайдзæнæй – Иристони 1 сентябрь бæрæгбон некæдбал исуодзæнæй. Сентябри фиццаг æртæ бони ба Иристони алкæддæр уодзæнæнцæ имисæн æма хъонцгæнæн бæнттæ. Уотæ адтæй аци анз дæр. Сентябри фиццаг æртæ боней дæргъи арæзт цудæнцæ сæрмагонд номерæн мадзæлттæ. Уæхæн мадзæлттæ арæзт æрцудæй Уæрæсей дæр æма фæсарæнти дæр берæ рауæнти.

4-5

***Чиколай центрон поликлиники бæстихай бундоронæй цалцæггонд цæуй. Уой туххæй дехгонд æрцудæй æвддæс миллион соми. Нерæнгæ ба азгъунстæн æ сæр раййивтонцæ, инженерон коммуникацитæ имæ бауагътонцæ. Еугур куститæ дæр гъæуама æнхæстгонд æрцæуонцæ аци мæйи кæронмæ.***





# БÆЛВУРД ГЪУДДАГÆН – БÆЛВУРД АРХАЙД

***Аци бæнтти нæ республики ци алли-хузон социалон-экономикон цаутæ æрцудæй, уонæй уæ еуцалдæрей хæццæ зонгæ кæнæн.***

## НЕ 'МЗÆНХОНИ АРФИАГ ХЪÆППÆРЕС АДÆМИ ХУАРЗÆН

Цæгат Иристони Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Сергей Меняйло** æрæги фембалдæй мæскуйаг Карачаровски механикон заводи разамонæг **Дзиуати Александри** хæццæ. Æма ин уæд Дзиуи-фурт фегъосун кодта æ хъæппæреси туххæй – æхе харзæй Дзæуæгигъæуи сæдæ лифти нæуугутæй баййевун.

Æма нур куст райдæдта – нæуæг ефтонггæрзтæ фиццагидæр исæвæрдзæнæнцæ Къостай æма Доватори проспектти цалдæр берæфатерон цæрæн хæдзареми.

Нерæнгæ бал нæ республикæмæ исластонцæ фараст æма дууинсæй лифти. Иннæ техникæ ба нæмæ исхъæртдзæнæй октябри райдайæнмæ. Уой хæццæ, куд нисангонд цæуй, уотемæй, берæфатерон цæрæн хæдзæрттæй уæлдай, нæуæг техникæ æвæрд æрцæудзæнæй медицинон косæндæнтти дæр (лифттæ æнцæ дууæ хузи: 320 æма 630 килограмми уæзтæ есунæн).

Министради минæвари дзубандимæ гæсгæ, Карачаровски механикон заводи арæзт лифттæ дзуапп дæттунцæ нуриккон домæнтæн. Сæрмагонд бадзурди федаргонд куд æрцудæй, уотемæй нæуæг лифттæ æвæруни куститæ гъæуама рахецæн уонцæ 31 декабрмæ.

## «ДОН-ДОН» КÆНГÆЙ АДÆЙМАГÆН Æ ÆДОНУГ НÆ ИСÆФУЙ

*Национ проекттæ æма паддзахадон программитæ Цæгат Иристони æнхæстгонд куд цæунцæ, уой туххæй бæлвурд дзубанди цудæй, нæ республики Хецауади Сæрдари ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг* ***Тускъати Таймораз*** *Хецауади иуонгтæ æма районти сæргълæугути хæццæ ци æмбурд исаразта, уоми.*

Нури уæнгæ Цæгат Иристон национ проектти еумæйаг бюджет банхæст кодта 45,8 процентæй (рæстæмбес нимадæй Цæгат Кавкази федералон зилди аци бæрæггæнæн æй 45,6 проценти). Къуар къабаземæй (зæгъæн, национ проекттæ «Минкъий æма рæстæмбес амалеуæггадæ», «Æдас æма хуæрзгъæдæ автомобилон нæдтæ», «Цæрæнуæттæ æма горæттаг уавæртæ», «Культурæ æма «Ахурадæ») Цæгат Иристон цæуй рæстæмбес уæрæсейаг бæрæггæнæнти æмрæнгъæ æма аци бæрæггæнæнтæй уæлдæр. Уой хæццæ, социалон инфраструктури объектти арæстади æма сæ цалцæгкæнуйнади фæдбæл республикæ æхемæ ке райста, еци ихæстæ, æнæмæнгæ, æнхæсткæнуйнаг ке 'нцæ, Тускъай-фурт æмбурди архайгути зæрдæбæл уой никкидæр ма еу хатт æрлæуун кодта:

– Ке аразæн, еци объекттæй берети æхцай æфсесадæ бæстихæйтти техникон цæттæдзийнадæй дæлдæр лæууй. Нæ сæйраг ихæс æй аци уавæр исæмхузон кæнун. 2022-2023 æнзти исцалцæг кæнунмæ æма исаразунмæ ке гъавæн, еци объектти проекттæ афойнадæбæл бацæттæ кæнун æнгъезуй. Куст, æнæмæнгæ куд гъæуй, еци хузи æнхæстгонд нæ цæуй, уомæ гæсгæ ба Хецауади æ архайди аци ахсгиаг хаймæ лæмбунæгдæр æргом здахун гъæуй. Нæ республикæ идарддæр иннæ æнзти дæр национ проектти цæмæй архайа, уомæн нæ ци исаразун багъæудзæнæй, уобæл тагъд рæстæги нæуæгæй æрдзубанди кæндзинан. Афойнадæбæл æма гъæугæ хузи ку нæ байархайæн, уæд нæ сахартæ æма гъæути аразун æма цалцæг кæнун ке 'нгъезуй, еци ахсгиаг социалон-культурон объекттæн нæмæ гъæугæ проектон-хæрзти гæгъæдитæ нæ уодзæнæй. Арæзтади министрадæ æма уомæй ихæсгин æндæр ведомствитæн фæдзæхсун аци куст фæрræвдзæдæр кæнун.

Æмбурди архайгутæ ма æркастæнцæ еума, уæлдай ахсгиаг фарстамæ. Берæ рæстæгути дæргъи Алагири райони хуæнхаг гъæутæ Мизури, Нузал æма Уæллаг Згиди донуадзæнтæ ке исæдзæллаг æнцæ, уомæ гæсгæ ами цæрæг адæм тухстдзийнæдтæ æвзарунцæ. Æма æмбурди уой фæдбæл рауадæй гъуддагон дзубанди. Æма ци унаффæ рахастонцæ, уомæ гæсгæ хæстæгдæр æнзти æвæрд æрцæудзæнæнцæ нæуæг донуадзæн хæтæлтæ. Цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Тамати Майрæн** куд фегъосун кодта, уотемæй нуртæккæ Саратови проекттæаразæн институт амунд объекттæн проекттæ цæттæ кæнуй. Октябри кæронмæ проекттæ гъæуама исрæвдзæ уонцæ.

Аци анз Цæгат Иристон æнхæст кæнуй еуæндæс национ проектемæ хауæг æртæ æма дууинсæй регионалон проекти. Анзмæ национ проекттæ æнхæст кæнунæн æхцай æфсесади еумæйаг бæрцæ 'й 7,4 миллиард соми.

## ÆРДЗÆН ХУАРЗ РАКÆНÆ ÆМА ДИН СÆДÆ ХУАРЗИ РАКÆНДЗÆНÆЙ

*Æрæги ма* ***Тускъати Таймораз*** *исаразта Дзæуæгигъæуи хъæбæр коммуналон бугъти полигон рекультиваци кæнуни фарстати фæдбæл. Уæлдай фулдæр æргом здæхт æрцудæй кустити алли къæпхæн дæр циуавæр æмгъудти æнхæстгонд цæуй, уомæ.*

Рекультиваци кæнуни фиццаг къæпхæн райдæдта 2021 анзи уалдзæги æма гъæуама фæууа аци анзи кæронмæ. Еци рæстæгмæ цæунцæ полигони арæнтæ исбæрæг кæнуни куститæ æма зæнхи хай Горæтгæрон районæй Дзæуæгигъæуи есбонадæмæ рахæссуни туххæй.

Æмбурди бæрæггонд куд æрцудæй, уотемæй еугур куститæ дæр цæунцæ нисангонд пъланмæ гæсгæ æмгъудмæ, æма Дзæуæгигъæуи полигон рекультиваци кæнуни фиццаг къæпхæн гъæуама æнтæстгинæй рахецæн уа анзи кæронмæ.

Зæнхæ Дзæуæгигъæуи есбонадæмæ раттуни фарста æрдзоруни туххæй сахари Думи радон æмбурдмæ хаст æрцæудзæнæй 7 сентябри, уой фæсте аци унаффæ гъæуама федаргонд æрцæуа нæ республики Парламенти унаффæй.

Кæронбæттæн къæпхæни республики есбонадæбæл конд æрцæудзæнæнцæ æнæхигъдон биотермикон уæрмитæ, фæстæдæр ба етæ лæвæрд æрцæудзæнæнцæ Республикæ Цæгат Иристон-Аланий ветеринарон управленимæ идарддæр сæ æдасæй бафснайуни туххæй.

Нур ба бал конд æрцудæнцæ мæри фæлварæнти анализтæ. Республикæ Цæгат Иристон-Аланий лабораторон анализтæ æма техникон барæнти центри специалисттæ кустити графикмæ гæсгæ фæцæнцæ 50 хузæги анализтæ. Мæри æртасæнтæ куд дзорунцæ, уотемæй нæййес зианхæссæг бауæргъæдти критикон бæрæггæнæнтæ.

Гъуддагбæл ка архайуй, еци ведомствитæн Тускъати Таймораз бафæдзахста, цæмæй еудадзуг бæрæггонд цæуа кустити хуæрзгъæдæдзийнадæ æма цæмæй алли къуæре дæр дзуапп дæттонцæ, ци куститæ бакодтонцæ, уони туххæй.

– Æз уой корæг дæн, цæмæй уæ архайд ма фæллæгъуздæр кæнайтæ, лæмбунæг бæрæг кæнетæ кустити хуæрзгъæдæдзийнадæ. Дзæуæгигъæуи полигон рекультиваци искæнун æй ахсгиаг паддзахадон ихæс, æма 'й гъæугæ хузи ку рахецæн кæнæн, уæд Дзæуæгигъæуи æма еугур республики экологон уавæр бæлвурд фæххуæздæр уодзæнæй. Уомæ гæсгæ нæ размæ æвæрд ихæстæмæ нæ алкедæр ракæсун гъæуй бæрнон цæстингасæй, – загъта Тускъати Таймораз æмбурди кæронбæттæни.

# БЕСЛÆНИ ИСАРАЗДЗÆНÆНЦÆ НОМЕРÆН КУЛЬТУРОН-ПАТРИОТОН ЦЕНТР

***Беслæни фиццаг скъолай арæзт террористон фудракæнди ка бабун æй, еци æвуд адæми номерæн культурон-патриотон Центри арæстадæн дехгонд æрцæудзæнæй фæрæзнитæ гъæугæ бæрцæй. Уой фæдбæл сæрмагонд унаффæ бафиста премьер-министр Михаил МИШУСТИН.***

Куд нисангонд цæуй, уотемæй уæлдæр амунд Центр арæзт æрцæудзæнæй, гæрзефтонг фудгæнутæ 2004 анзи 1 сентябри ци скъола байахæстонцæ, уой бундорбæл. Скъолай азгъунсти райарæзти проектмæ гæсгæ, реставратортæ æма аразгутæ байархайдзæнæнцæ еци æбуалгъ бæнтти æвдесæнтæ багъæуай кæнунбæл. Специалисттæ куд зæгъунцæ, уотемæй спортивон зал æма иннæ бæстихæйттæн исараздзæнæнцæ консерваци, цæмæй идарддæр ма ихæлонцæ. Центри бæстихæйтти райвæрдзæнæнцæ еци цаутæбæл дзорæг экспозицитæ. Уой хæццæ, сæрмагонд зали устур экранбæл æвдист цæудзæнæнцæ 2004 анзи сентябри документалон кинонивтæ. Центри сконди уодзæнæй æндæр номерæн дæлхайæдтæ дæр.

Уæрæсей Хецауади пресс-центри минæвар куд фегъосун кодта, уотемæй аци фæрæзнитæй 2021 анзи кæронмæ центри проектæн исæнхæст кæндзæнæнцæ æ кустити æртиккаг хаййи бæрцæ. Æнæгъæнæй ба сæ гъæуама фæууонцæ 2022 анзи кæронмæ.

Куд зонæн, уотемæй Беслæни культурон-патриотон номерæн Центри арæзтади фæдбæл Цæгат Иристони Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Сергей Меняйло** дзубанди кодта Уæрæсей Федераций Сæрдар Михаил Мишустини хæццæ, 15 июни син сахар Пятигорски ци косæг фембæлд адтæй, уоми. Уæд премьер-министр зæрдæ байвардта, еци Центри арæзтадæн гъæугæ фæрæзнитæ ке радех кæндзæнæнцæ, уомæй.

Аци ахсгиаг гъуддаг æвæстеуатæй аразуйнаг ке æй, е лæдæрд æй æма ибæл æнæдзебæлæй архайд цæуй. Зæгъæн, æрæги Цæгат Иристонмæ косæг балций иссудæй реставраторти Цæдеси президент **Вячеслав Фатин** æма реставрацион компани «СКИФОС-РСК» **Петр Павлов**. Нæ республики разамонæг Сергей Меняйлой хæццæ фембæлди рæстæг æрдзубанди кодтонцæ еци Центри райарæзти хæццæ баст фарстатæбæл. Вячеслав Фатин куд загъта, уотемæй реставраций проектмæ гæсгæ гъæуайгонд æрцæудзæнæнцæ, скъолай азгъунстæй ма ци хæйттæ байзадæй, етæ, уой хæццæ ба ма мемориалон – историон центр исаразунæн багъæудзæнæй ци хæйттæ си бабун æнцæ, уони иснæуæг кæнун. Фиццаг скъолай азгъунст исреставраци кæнунæй уæлдай ма нисангонд цæуй, нæуæг музейи агъазгæнæг азгъунст исаразун. Еци еугур куститæн багъæудзæнæй 220 миллион соми. Æнхæстгонд ба гъæуама æрцæуонцæ 2023 анзи кæронмæ.

Зæгъун ма гъæуй уой дæр, æма Михаил Мишустин æрæги бафинста никкидæр ма еу унаффæ, Беслæни идарддæри социалон-экономикон райрæзти фæдбæл. Бæлвурдæй – сахари нæдтæ бацалцæг кæнуни туххæй дехгонд æрцæудзæнæй 75 миллион сомей бæрцæ. Еци фæрæзнити фæрци райараздзæнæнцæ Ленини, Широкая æма Кооперативон гъæунгтæ. Цалцæги программæмæ ке бахастонцæ, еци гъæунгти еумæйаг дæргъцæ 'й 2,2 километри. Фæлгонцадон куститæ еугурæй дæр гъæуама æнхæстгонд æрцæуонцæ аци анзи кæронмæ.

**Номдзуд зæнхикустгæнæг, Фæллойни Кади ордени æнхæст кавалер Хадати Хасани фурт Ахурбеги райгурдбæл 5 сентябри æнхæст кæнуй дæс æма цуппаринсæй анзи (1931-2013).**

*Дууæ æма инсæй анзей размæ (1999 анзи 4 сентябри) дагестайнаг сахар Буйнакски террористтæ исаразтонцæ фудбæлах – фехалдтонцæ, Уæрæсейаг гъæуайкæнуйнади 136-аг бригади афицерти бийнонтæ кæми цардæнцæ, еци хæдзарæ. Фæммард си æй 62 адæймаги (25 си – сувæллæнттæ), фæццæф си æнцæ 146 адæймаги.*





# ЕУ РИСТ ЗÆРДÆН ФЕДАР НИФСДÆТТÆГ – ИННÆ ЗÆРДИ ХУÆРЗАУОДÆН...

***Беслæни фудбæлах, еци æртæ боней зæрдæрæдовæг сау хабæрттæ нæ æведуйгæ ристæй ресун кæнунцæ æма кæндзæнæнцæ, нæ дзиллæ сæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ имисдзæнæнцæ...***

***Фал айдагъ ристæй дæр цæрæн нæййес. Цард æхе домæнтæй ихæсгин кæнуй мах, абони цардиуагæ кæмæй аразгæ 'й, уони дæр. Еуварсни гъæуама маке лæууа. Уотæ ка 'нгъæлуй, æма мæн неци хъор кæнуй, е хъæбæр рæдуйуй, исонибони фæсмойнаг ку фæууа, уомæй гъæуама тæрса... Ирæзунцæ æма нæмæ æнæмæнгæ ирæздзæнæнцæ нæуæг кæстæр фæлтæртæ. Æма нæ абони уобæл архайун гъæуй, цæмæй уæхæн фудбæлах мабал æрцæуа, цæмæй нæ кæстæртæ ирæзонцæ фидбилизтæй гъæуайгонд уавæрти, сæ исонибон æдас куд уа æма цæрунгъонæй æнтæстгин куд уонцæ арфиаг гъуддæгутæй, зæрдæргъæвд æма æгъдаугин куд уонцæ, нæ адæмæн æма нæ Фидибæстæн дæр федар зæрдæдарæн куд уонцæ...***

***Уой хæццæ ба, нæ бон цидæриддæр æй, уомæй гъæуама ауодæн, еци фудбæлахи ка бастъалдæй, уони хеуæнттæбæл, еци адзал комкоммæ кæбæл рандзæвдæй, уонæбæл.***

Беслæни фиццаг скъолай æвддæс анзей размæ ци террористон фудракæндæ 'рцудæй, æма си гъигæдард ка баййафта, еци адæмæн социалон æма медицинон агъаз кæнуни фæдбæл Уæрæсей Федераций æма нæ республики Хецауадæ ци унаффитæ рахастонцæ, етæ куд æнхæстгонд цæунцæ, уой туххæй æрæги дзиллон хабархæссæг фæрæзнити минæвæртти хæццæ фембæлди радзурдта Цæгат Иристон-Аланий фæллойни æма социалон ирæзти министри хуæдæййевæг **Айдарти Алинæ**. Æ радзубандий загъта:

– Террористон фудракæнди амæттæгти бийнонтæн социалон агъаз кæнуни фæдбæл фиццаг унаффæ нæ бæсти Хецауадæ рахаста 2005 анзи. Уомæ гæсгæ, аци категорий граждæнтæ цæрæнуатон-коммуналон лæггæдтæн, телефони бастдзийнадæн, æхсæнадон транспорти цæунæн фист цæуй компенсаци. Аци фудбæлахи бахауæг скъоладзаутæй æстдæс анзи кæбæл нæма цудæй, уотемæй си ка фæммард æй, еци сабийти ниййергутæн ба фарæй фæстæмæ сæ пенситæмæ бафтудтонцæ æртæ мин соми. Уæхæн хузи агъаз ма есуни барæ ес, фудбæлахи рæстæг æ карæ æстдæс анземæй уæлæмæ кæмæн адтæй, еци зингхуст фæсевæди ниййергутæн дæр. Аци анзæй фæстæмæ ба ма уæхæн агъаз есдзæнæнцæ аци фудбæлахи фудæй седзæрæй байзайæг сабийтæбæл ауодæг хеуæнттæ.

Æ радзубандий ма Айдарти Алинæ куд фæббæрæг кодта, уотемæй аци анзи райдайæнæй ба æнхæстгонд цæуй, теракти гъигæдард баййафгутæн се 'нæнездзийнадæ федар кæнуни фæдбæл комкоммæ агъаз кæнуни федералон программæ. Уомæ гæсгæ ба аци категорий граждæнтæн медицинон æма реабилитацион агъаз есуни барæ ес нæ бæсти æма фæсарæнти медицинон дзæбæхгæнæндæнтти æма санатокорити. Нури уæнгæ бал, райсун æй кæмæн æнгъезуй, уонæй райстан 250 курдиадемæй фулдæр. Теракти гъигæдард баййафгутæй санаторимæ балцæг райсун ке фæндæуа, етæ гъæуама министрадæмæ, кенæ ба Дзæуæгигъæуи æма республики районти комплексон социалон агъази центртæмæ бадæттонцæ курдиадæ. Æ хæццæ ба гъæуама уа, теракти ке бахаудтæй, уой туххæй æвдесæндар æма, ци поликлиникæтæмæ хаунцæ, уони дохтиртæй ист справкæ. Еугур документтæ бацæттæ кæнунæн теракти гъигæдард баййафгутæн агъаз кæндзæнæнцæ комплексон социалон агъази Центри специалисттæ. Санаторон-курортон реабилитацийæн син ци æхцай фæрæзнитæ дехгонд цæуй, етæ ба æрвист цæунцæ теракти гъигæдард баййафгутæй алкæмæн дæр æхе хигъдмæ дæр.

Министри хуæдæййевæг ма куд фæннисан кодта, уотемæй Беслæни фиццаг скъолай террористон фудбæлахи уæззау цæфтæ ка фæцæй, уонæй æхсæз адæймагемæн аци анз лæвæрд æрцæудзæнæй материалон агъаз. Нуртæккæ бал æй райстонцæ Муртазти Дианæ, Æфсæнти Беллæ, Дзгойти Фатимæ æма Кокайти Марианнæ. Ци æхца син радех кодтонцæ, уомæй ба сæхе дзæбæх кæндзæнæнцæ фæсарæйнаг сæйгæдæнтти.

Террористон фудракæнди рæстæг гъигæдард ка баййафта, еци адæмæн сæ бон бауолæфун уодзæнæй, куд нæхе республики, уотæ Цæгат Кавкази иннæ санаторити дæр.

Беслæни фудбæлахи гъигæдард баййафæг адæмæн медицинон, санаторон-курортон реабилитаций программæ æнхæстгонд цæуй, федералон бюджетæй нæ республикæн ци субсидитæ радех кодтонцæ, уони фæрци.

## ЗУНДГИН ЗАГЪД ФАТ ÆЙ!..



*Мæйдар æхсæвæ хъæрæу лæг гъæунги фæцæйцудæй, æ къохи цирагъ, уотемæй. Æ синхаг ибæл исæмбалдæй æма 'й фæрсуй:*

*– Дес дæбæл кæнун, мæ синхаг: дæуæн ба талингæйрохсæй ци игъаугидæр ес? Цæмæн дæ гъæуй, ци дин агъаз кæнуй цирагъи рохс?*

*Хъæрæу лæг бахудтæй æма ин дзуапп равардта:*

*– Аци цирагъ æз айдагъ мæхе туххæй нæ хæссун, фал дæу туххæй дæр, цæмæй мæбæл дæхе ма искъуæрай.*

***

Аци таурæхъмæ гæсгæ адæймаг куд нæ бахицæ кæна: еци хъæрæу лæги зундирахаст ни алкæмæ дæр ку разинnидæ, алкедæр ни æ гæнæнтæ æма равгитæмæ гæсгæ ку архайидæ нæ размæцуди нæдтæ арфиаг гъуддæгутæй рохс кæнунбæл. Æмзунд æма æмвæндæй архайгæй нин, баруагæс уи уæд, фулдæр æнтæстдзæнæй нæ царди хабæрттæ нæ зæрдифæндон аразунæй. Æма, ци райдзастдæр исонибонмæ бæллæн, е нин зингæ тагъддæр ралæудзæнæй. Ракæсæнай евгъуд рæстæгути нæ фидтæлти цардиуаги хабæрттæмæ – уонæбæл дæр искæнидæ гъезæмари рæстæгутæ, фал си тухгиндæр разинниуонцæ, фæййервæзиуонцæ, кæрæдзебæл æхцул ке адтæнцæ, еузæрдиуонæй æмархайд ке кодтонцæ, уой фæрци, ке бон си куд уидæ, уотæ агъаз кæниуонцæ фæккæсуйнаг ка уидæ, уонæн. Нур ба?..



**ДЗАСОХТИ Музафер, Цæгат Иристони адæмон поэт: «Адæймаг æдзæсгон ку уа, уæд ибæл алцидæр федауй. Æхемæ гæсгæ. Абони еу хузи ку дзора, исон ба – иннæ хузи, уæддæр сурх нæ кæнуй. Гъома – æфсæрми...»**

– Адæймаг фиццагидæр æхуæдæг ку не 'фсæрми кæна æ миутæй, уæд æй неке нецихузи бафсæрми кæндзæнæй. Е лæдæрд æй, фал æгириддæр ба лæдæрд нæй, æма уæхæнæн цæмæн бухсунцæ иннетæ, кæд сæхе рæстзæрдитæбæл нимайунцæ, уæд. Цæмæннæ син, куд фæззæгъунцæ, æрæвæрунцæ æ тæбæгъи, æцæгæй ци æй, уой? Гъе уомæ гæсгæ нин ахид унаффæгæнгутæ исунцæ, нæ гъуддæгутæ нин ниффесинмитæ кæнунцæ... Æма ка фудгиндæр æй – уæхæн æдзæсгæнттæ æви нæхуæдтæ?..

**Лев ТОЛСТОЙ (1828-1910), уруссаг финсæг: «Адæми хæццæ хæларæй цæрун æнæмæнгæ кæнуйнаг гъуддаг æй. Адæймагмæ хуарз цæстæй ку нæ кæсай, уæд царди дæ ахсгиагдæр ихæс не 'нхæст кæнис...»**



– Аци зундгин загъд нæ куд æхсицгонæй гъæуй, уæлдайдæр ба абони тухст рæстæги... Фарнæ æма амондæн æгириддæр пайда ка нæй, зæранæй уæлдай, берæ уæхæн нецæййаг тæлæнти уацари бафтуйгæй ниххецæнтæ ан, алке ни æхе хабæрттæбæл хебарæй тухархайд кæнуй. Рæстзæрдæй зæгъайтæ, фæстаг рæстæгути ма уи уотæ ка расагъæс кодта, гъæйдæ-уай, мæ бон цæйбæрцæ æй, уойбæрцæй ескæмæн хуарз ракæнон? Нæ гъуди кæнетæ?.. Æма е раст æй?..



**Дейл КАРНЕГИ (1888-1955), америкаг психолог: «Адæймаги уодигъæдæ уотæ конд æй, кефæндидæр фудгин кæндзæнæй, æцæг æхе ба нæ...»**

– Дзубанди дæр ибæл нæййес, нæ нуриккон цардиуаги нæхъæртондзийнæдтæ берæ 'нцæ. Фал си уæддæр берæ кæцидæрти райеуварс кæнун æнгъезуй – æцæг архайун гъæуй. Зæгъайтæ, гъæути ма беретæ дарунцæ фонс, маргъ? Кенæ – агъазиау дзæхæра ин, уотемæй ба хуæруни кæрдæгутæ æма халсартæ æлхæнунцæ базари. Гъæуи цæргæй!.. Æма кедæрти фудгин кæнуни бæсти бал алке æхемæ æркæсæд: мæхуæдæг ба, мæ бон ци æй, уомæй ци исаразтон мæ царди хабæртти хуæздæри туххæй.

АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

## УÆЛАРВОН ПАДДЗАХАДÆ ЕС, ЗÆГЪГÆ, УОБÆЛ ÆУУÆНДЕТÆ?

Агентадæ Левадæ-центри æртасгутæ куд исбæлвурд кодтонцæ, уотемæй уæрæсейæгтæн сæ рæстæмбесмæ хæстæг æууæндунцæ мæрдтибæстон цард æма дини тæмæссагдзийнæдтæбæл, уæдта тæрсунцæ хинттæ æма цæстудæй. Уæларвон паддзахадæ ке ес, уой туххæй ба загътонцæ æрфарст адæмæн сæ 52%. Уотемæй ба цæмæдессаг е æй, æма уонæй алли æвдæймаг дæр æхе нимайуй æнæдинонбæл. Нæкæси, рамæлæти фæсте син хуæздæр уодзæнæй, зæгъгæ, уæрæсейæгти уæхæн æууæндундзийнадæ еци ирæзæги ирæзуй. Раздæри (2017 анзи) æрфарсти рæстæг уомæй ци адæми бафарстонцæ, уонæн сæ 45%, фондз анзей размæ ба айдагъдæр 40%.




**Журналистти æмвæндæдзийнади Æхсæнадæмон бон бæрæггонд цæудзæнæй 8 сентябри.**

*Цæгат Иристони адæмон поэт Хъодзати Æхсарæ: «Саугæнгæ тæккæ рагондæр дзамантæй нурмæ дуйнейи зундгиндæр, дзурддзæугæдæр лæгтæ уой фæдзахстонцæ: æнамонд хабар ку 'рцæуа, уæд дæ сæр ма 'ркъолæ кæнæ, фал бафæразæ. Нæ рагфидтæлтæ хумæтæги нæ зæгъиуонцæ: «Фидбилизæй дæхе гъæуай кæнæ, фал ку 'рцæуа, уæд – дæ хъаурæ æма дæхуæдæг». Фудæнхи*





# ЕЦИ РАЙДЗАСТ ФÆЗЗИГОН БОН УОЙ ÆНГЪÆЛ КА АДТА ЛÆГСИРДТÆ ÆНАЗУМ УОДТÆН ЗИНДОНÆ ФЕСТУН КÆ

**Геннадий АЛАМИА,**
*Абхазийы адæмон поэт,*

## АФТÆ МÆМ КÆСЫ, ÆВÆДЗА, УÆДДÆР...

*БЕСЛÆНЫ ЗЫНГХУЫСТ САБИТÆН*

*Зæххы дадзинты,*
*Фыдæх кæй ысрæмыгъта, уыдоны*
*Бацахсти туг...*
*Ам хоры гагайæн,*
*Кæм æрхауа, ахæм*
*Бæзнаг дзыхъхъ нæ разынд, –*
*Нæ ратдзæн уый ног æвзар*
*Цардæн...*
*Беслæны сабитæн*
*Цы цæрæнбон аскъуыд,*
*Уый никæмæн бантысдзæн ацæрын дарддæр...*
*Уадз æмæ худæд,*
*Кæй бон ма у худын.*
*Уадз, хъарæг ныккæнæд,*
*Кæй бон нæу йæ цæссыг ныммарын.*
*Ехх, куы 'рцæрид нæ ахæм ныфс, –*
*Сабиты цæсты цы хурты-хур ахуыссыд,*
*Куыд ракæса иу райсом*
*Скъолайы кæрты.*
*Уым басыгъди цард,*
*Æртхутæг æмбæрзы*
*Цæрæццаг æвзартæ йæ хæрвæй.*
*Уым, скъолайы кæрты,*
*Ыслæууыд цыртдзæвæнау саби!*
*Фæрсын æй йæ номæй, –*
*Хъæрасæст хъæлæсæй мын афтæ:*
*«Мæ хойы мын амардтой!..»*
*Æмæ, зæронд лæгау,*
*Дзойтæ кæнгæйæ,*
*Æрдæгарæзт аргъуанмæ бараст, –*
*Хуыцауæн куыд зæгъа, мæгуырæг,*
*Æппæты фæстаг дзырд æмыр дзыхæй:*
*«Амардтой!..»*
*Нæ!*
*Судзгæ-уырaугæ хъæдгæмттæ*
*Нæ бандидздзæн рæстæг!..*
*Уæхскуæзæй уый арфдæр*
*Ныссадздзæни зæрдæйы кард...*
*Афтæ мæм кæсы, æвæдза, уæддæр,*
*Цыма сабиты цæстыты*
*Цы хуры цæст ахуыссыд,*
*Уый рарттивдзæн*
*Иу райсом ногæй...*

**МАМЫКЪАТЫ** *Хъазыбеджы тæлмац*









*бæнтти еугур дуйне дæр нæ фарсмæ ке 'рбалæудтæй, не 'стур гъигæ æма мастæй æхемæ хай ке райста, е нин гъæуама нифси хуасæ фæууа. Дуйнедарæг Устур Хуцауи арфæ исæмбæлæд, нæ ристбæл зæрдæй ка фæрристæй, уонæй алкæбæл дæр. Æнæфидбилиз уæд нæ минкъий Иристон, фарни хабæрттæ нæмæ игъусæд нурæй фæстæмæ...»*







# ЕЙ, ÆМА 'Й АГЪУД НДЗÆНÆНЦÆ...











Къартæ исиста Татьянæ ШЕХОДАНОВА.

**Ирина ГУРЖИБЕКОВА,**
*народный поэт Северной Осетии*

## ПОСЛЕ БЕСЛАНА

*А может, это третья мировая,
Та, где в открытом поле нет врагов...
Где первыми младенцы погибают,
Не сделав по земле и трех шагов?
А может, это третья мировая,
Где не штыки, а языки остры?..
В лесах, что были партизанским раем,
Пылают вражьи адовы костры...
А может, это третья мировая,
Где вместо танков – мерседес и джип...
Где власть над убиенными рыдает,
А жизнью их убийцы дорожит.
А может, это третья мировая,
Где фронт не где-то, а в твоем дому.
Его своею кровью обагряя,
Не знаешь, за кого и почему?
А может, это третья мировая,
Где враг гигант, а мир огромный – гном.
И тысяча сильнее миллиардов,
И праведность бессильна пред грехом?
А может, это третья мировая,
Где впору звать на помощь марсиан,
Чтобы, на солнце бластером сверкая,
Спасали Землю от смертельных ран?
Ту Землю, что вселенской круговертью
Обречена на войны без вины.
Ведь все они от первой и до третьей –
В ее же чреве и порождены.
Когда же, кто и где наш вопль услышит?
Я думаю, что никогда нигде,
Пока мы, перестав блуждать в потемках,
Материи ничтожные обломки,
Не превратимся, наконец, в людей.*

***Рагонбердзенаг дзурддзæугæ лæг Сократ уотæ загъта: «Æз æнгъæл дæн, æма лæг хуарз ку кæна, уæд уомæй хуæздæр цард нæййес. Нæййес уомæй æхцæуæндæр игъæлдзæгдзийнадæ, лæг зæрдиагæй ку гъуди кæна, хуарзи бацудтæ, зæгъгæ. Аци хуарз амонд æз бавзурстон, æма уомæн æвдесæн лæууй мæ намус...»***



# НÆЙЙЕС ТИЛЛЕФГÆНÆН ЦАРДÆЙ: ЦÆРИС – УÆД РÆСТУОДÆЙ!..

Недзаманти нæ адæм уоййасæбæл æнгом æма уой фæрци ба æнæбасæттгæ хъаурæгин адтæнцæ, æма син тухæгæнæг сæ нихмæ тухæ нæ ирдта. Еу рæстæг бабæй сæмæ цидæр знаг ку балæбурдта, уæд æй нæ рагфидтæлтæ уæхæн бæрзæйсæттæн цæф никкодтонцæ, æма е, е 'гудзæгдзийнадæ балæдæргæй, уайтæккæдæр бафедаунмæ фæцæй. Æрбарвиста федаугути.

– Мах дес кæнæн уæ нифс æма хъаурæбæл! – загътонцæ Иристони лæгтæн, сæ ихæс ку исæнхæст кодтонцæ, уæд. – Кæцæй уæмæ цæуй уойбæрцæ нифс æма хъаурæ? Фæттасун ку нæ кометæ.

– Нæ паддзах ни уотæ домуй, – адтæй сæ дзуапп.

– Æма æ хæццæ фембæлæн, радзубанди кæнæн нæййес?

– Нуртæккæ хусгæ кæнуй. Ку райгъал уа, уæд бæргæ, фал дзоргæ нæ кæнуй.

– Уинун нин æй уæддæр фæккæнетæ, – ниллæудтæнцæ федаугутæ.

– Хуарз, – загътонцæ фусунтæ æма цубур рæстæги фæсте еу силгоймагæн рахæссун кодтонцæ æ нæуæгигурд биццеуи.

– Е æй нæ паддзах. Уой федæнбæл гъуди кæнгæй ан æнæбасæттгæ, нифсгун. Е ни домуй æхе æма æ зæнхæ гъæуай кæнун.

***

*Аци таурæхъи кой кæддæр дæр ма кодтан, фал æй абони нæуæгæй мухур кæнæн, æвддæс анзей размæ сентябри райдайæнæй тогмондаг фудгæнгутæ ци æверхъаудзийнадæ исаразтонцæ æма си ци берæ адæм бастъалдæй – 334 адæймаги, уонæй ба 186 сабийтæ, – уони рохс нæмттæ имисунмæ гæсгæ. Уæд нæ Иристонбæл ци фудбæлах æрцудæй, е айдагъ мах нæ, фал дуйней берæ-берæ паддзахæдти дзиллити зæрдитæ дæр æгæрон ристæй фæрресун кодтонцæ, раст цума еци адзал сæхебæл æрцудæй, уой хузæн хъонц кодтонцæ нæ хæццæ. Уæлдай уæззау зæрдрист ба е иссæй, æма си уоййасæбæл берæ ке бастъалдæй æвуд сабийтæ... Æма уони рохс нæмттæ имисгæй, нæ дзубанди æй, нæ адæмæн, уогæ айдагъ махæн нæ, фал, æвæдзи, алли адæмихаттæн дæр еугур хæзнатæй дæр хъазардæр æнцæ æ кæстæртæ – æ исонибон, æ нифс, æ зæрдæдарæн... Уотæ адтæй недзамантæй ардæмæ, уотæ гъæуама уа нури доги дæр æма исонибони дæр. Уой фæдбæл нин нæ рагфидтæлтæй ци берæ цæмæдессаг таурæхътæ байзадæй, уонæй абони еу цалдæрей ракæндзинан.*

*Зæгъун гъæуй уой, æма, биййонтæ цийфæнди гъæздуг кенæ мæгургомау адтайуонцæ, уомæй уæлдай нæ адтæй, алкæмидæр си сувæллон уæлдай рæвдуд æма боцгонд цæуидæ.*



Валентинæ Третьякова. «Бабай нимæт»

## ÆЛДАР ÆМА СУВÆЛЛОН

Еу мæгур лæг æлдари фæххонун исфæндæ кодта. Фæццудæй имæ хонæг. Æлдар ин уотæ:

– Кæд си мæнæй æлдардæр уодзæнæй, уæд дæмæ нæ цæун.

– Нæ, нæ!.. – æ уодæй арт исцагъта мæгур лæг.

Æрбацудæй æлдар мæгури къæсмæ. Гъæздуг фингæбæл æй æрбадун кодта лæг. Цæл райдæдта. Уалинмæ иннæ уатæй сувæллони кæун райгъустæй.

– Æз дæ, мæнæй æлдардæр уæмæ ес, зæгъгæ, нæ фарстон?

– Е сувæллон æй, æлдар.

– Сувæллон æлдарæй æлдардæр æй, – загъта æлдар, исистадæй æма рацудæй.

***

*Айдагъ адæймаг нæ, фал сауæнгæ цæрæгойтæн дæр сæ бæдæлттæ уæлдай цæмæдессаг æнцæ, уонæй уиндгундæр син дуйнебæл неци ес.*

## ХÆПСÆН Æ БÆДОЛÆ – ХОРИ ТУНÆ

Хæпсæн æ бæдолæ уæрдуни цалхи бунмæ бахаудтæй æма æрбамардæй. Кæунтæ ибæл исиста. Гъарæнгæ кæнуй:

– Уæ мæ цæстирохс! Мæ еунæг цийнæ! Мæ хъоппæгъдзæстæ бæдолæ, мæ хори тунæ. Уæрдуни цалхи амæттаг мин цæмæн бадæ?! Нур ма æнæ дæу куд цæрдзинан?!

Уобæл берæ рæстæг нæ рацудæй, æма рамардæй Хори фурт. Хор фурмæтæ æма сагъæсæй æндæмæ нæбал кастæй, æ тунтæй нæбал æндавта зæнхæ, нæбал ин лæвардта æ гъар. Æма цæрæгойæй, зайæгойæй уазали фæлмæцун райдæдтонцæ.

Уæд, æ бæдолæ уæрдуни цалхи буни кæмæн фæммард æй, еци хæпсæ ку исфæндæ кæнидæ Хормæ фæццæун. Гæппитæгæнгæ имæ бахъæрдтæй еу афони æма 'й сабуртæ кæнун, æхе хатун имæ райдæдта.

– О Хорти Хор! Нæ цардæттæг Хор! Ду куд æнгъæл дæ, уæхæн бæлах айдагъ дæубæл æрцудæй?! Уагæр ма дæ бæдолæ мæ бæдоли хузæн хъоппæгъдзæстæ, уорсреу, рæсугъд, æ цуппар къахемæй дæр накæ кæнун ка зудта, уæхæн бæдолæ ку фæгъгъудайдæ! Уæд, æвæдзи, дæ цардбæл дæр дæ къох исистайсæ.

Хор æхе нæбал бауорæдта, æ цъухидзаг ниххудтæй æма загъта:

– Кæд мæ фурт дæу бæдоли хузæн дæр нæ адтæй, уæд, æвæдзи, абони уæнгæ дæр мæхе дзæгъæли хуардтон.

Æма бабæй хор раздæри хузæн æ цæститидзаг ракастæй дуйнемæ æма кæсуй абони дæр.

Адæми 'хсæн ба æмбесондæн байзадæй: «Хæпсæн æ бæдолæ – хори тунæ».

***

*Нæ адæммæ кæстæртæбæл ауодуни фæдбæл ци берæ аллихузон фæткитæ æносæй-æносмæ æнхæстгонд цæунцæ, етæ кутемæй фæззиндтæнцæ, уой фæдбæл ес хецæн таурæхътæ. Уонæй еу – мæнæ ауæхæн.*

## ДОН – КÆСТÆРÆЙ

Нæ адæммæ хестæр кадгин æй, æгъдауи бæрзонд æвæрд æй. Уой фæрсунцæ зундæй, фæлтæрддзийнадæй, уой нимайунцæ, уой æргъуди кæнунцæ фиццагидæр алли гъуддаги дæр. Æрмæст нæмæ дон ниуазгæ 'й кæстæрæй. Цæмæн? Уой фæдбæл ес уæхæн таурæхъ.

Кæддæр, дан, балци цæуæг адæми еу къуар итигъд будури берæ фæццудæнцæ. Бафæлладæнцæ, фал фулдæр истухстæнцæ æнæ донæй. Сор будури нæ мæскъи донбæл исæмбадæнцæ, нæ – сауæдонбæл, нæ – цъайбæл, æма æдонугæй сæ хъаурæ æма сæ нифс расастæнцæ. Зæрондæй – нæуæгæй, устурæй – минкъийæй дзой-дзойгæнгæ цудæнцæ, хилдæнцæ размæ. Кумæ адтæй сæ балци, е си иронх дæр ма фæцæй, айдагъдæр ма агурдтонцæ дон баниуазунмæ.

Æма еууæхæни бахъæрдтæнцæ устур надгæрон зæронд цъаймæ.

Дон си исистонцæ æма ибæл фæххæлæф кодтонцæ. Фал си сæ уæрдуни æртæанздзуд сувæллон райронх æй. Сæ зæрдæбæл ку æрбалæудтæй, уæд ма имæ дон бæргæ баскъафтонцæ, фал е уæдмæ æ уод исиста. Адæм куддæр къехæй райзадæнцæ, се 'донуг ке исуагътонцæ, уой æхцæуæндзийнадæ дæр си æрбайсавдæй. Берæ фæффæсмон, фæммæтæ кодтонцæ, уæдта рахастонцæ уæхæн фæндæ: «Абонæй фæстæмæ дон ниуазгæ уæд кæстæрæй, цæмæй уæхæн бæлах макæдбал æрцæуа!» Еци гъуди фæххæлеу æй нæ адæми 'хсæн.

***

*Дони коймæ гæсгæ зæрдæбæл куд не 'рбалæудзæнæй, Беслæни фудбæлах ка исаразта, уал бони æма æхсæвей дæргъи, амæнати ци адæми байстонцæ, уонæн ци берæ гъезæмæрттæ бавзарун кодтонцæ, е. Уæлдай æверхъаудзийнадæ ба е адтæй, æма дони хупп дæр нæ лæвардтонцæ, æдонугæй сæ мардтонцæ, уæлдайдæр ба сабийти... Уомæй фуддæр тæрегъæд ма исаразæн ес?!. Æма абони Беслæни фиццаг скъолай тургъæмæ ци æгæрон берæ дзиллитæ цæунцæ, етæ сæ къохти деденгути хæццæ хæссунцæ ниуазуни дон...*

*...Зæрдæ, зæгъунцæ, æй еугур зинтæн дæр фæразон... Æма, ци æверхъаудзийнадæ нæбæл æрцудæй æвддæс анзей размæ, уой зæрдæбæл даргæй, гъæуама сагъæс кæнæн нæ абони царди хабæрттæбæл, нæ исонибонбæл. Нæ исонибон æнцæ нæ кæстæртæ. Æма нин абони уæлдай сагъæссаг иссæй, анзæй-анзмæ нæ адæми бæрцæ минкъийæй-минкъийдæр ке кæнуй. Кæддæр берæсувæллонгин биййонтæ Иристони уоййасæбæл ахид адтæнцæ, æма е дессаг некæмæ кастæй. Нур ба? Хъæбæр нæмæ исефстаг æнцæ æртæ кенæ фулдæр сабийи кæми ес, уæхæн биййонтæ. Еци сагъæссаг уавæрбæл дзоргутæ ба – хæрхæбæл хæрхæ! Мæнæ уой фæдбæл дæр еу хабар.*



## АЛКЕ ИХÆС ДÆР ÆЙ

Ахургонд æма рабадгæ лæхъуæнтæ бакъуар æнцæ, еци дзорæги дзорунцæ нæ адæми карнæбæл, буцæу дзубанди кæнунцæ национ идейæбæл. Еци рæстæги сæбæл æригон финсæг исæмбалдæй, æригъуста син сæ дзубандитæ, сæ сагъæстæ. Æ цæстæ сæбæл радардта, алке цардвæндагбæл дæр си нигъгъуди кодта æма ку балæдæрдтæй, сæ еуемæн дæр си уосæ нæма ес, уотемæй зæронд кæнунцæ, уой, уæд син карзæй уотæ:

– Уæ дзубандитæ ниууадзетæ, ахургонд адæм ку айтæ, уæд дзубандийæй гъуддаг нæ ирæзуй, уой нæ зонетæ? Алкедæр уи уосæ ракорæд, тæккæ минкъийдæр æртæ сувæллони рауадзæд æма сæ Иристони аккаг багъомбæл кæнæд! Гъе, е æй уæ æрдзон ихæс, уæ буцæу æма æнæууилд дзубандитæй нæ адæмæн – ахсгиагдæр.

***

*Дзубанди ибæл нæййес – ахсгиаг гъуддаг æй берæ цæуæт исæнтæсун кæнун. Фал уомæй ахсгиагдæр ба – сæ исгъомбæл кæнун, цæмæй сæхуæдтæ дæр амондгун уонцæ æма нæ дзиллæн дæр сæрустурдзийнадæ уонцæ. Уомæн ба агъазиау фæрæзнæ – нæ фидтæлтиккон æгъдæуттæ, нæ кæстæрти кадгин гъуддæгутæ.*

Кæсун – финсуни зонундзийнади Æхсæнадæмон бон бæрæггонд цæуй 8 сентябри.

*Индий фарни лæг Рабиндранат Тагор (1861-1941) уотæ финста: «Ес уæхæн уарзондзийнадæ, арвбæл сæребарæй ка накæ кæнуй. Еци уарзондзийнадæ гъæрдзийнадæ хæссуй уодæн. Фал ес уæхæн уарзондзийнадæ, аллибони гъуддæгути ка багъаруй. Уæхæн уарзондзийнадæ ба гъæрдзийнадæ хæссуй бийнонтæн...»*





ДЗИУАТИ Батраз. «Зар».

## ФИДИ ФАРНÆ

Кæддæр, дан, еу биццеу балци цудæй æма æ мади фæрсуй:

– Фæндаггаг мæ хæццæ ци хæссон?

– Дæ фиди ном, дæ фиди фарнæ, – адтæй мади дзуапп.

Æма лæхъуæн балци æ фиди ном, æ фиди фарни хæццæ фæндараст кодта. Алли рауæн дæр ибæл æмбалдæнцæ æхцæуæнæй.

***

*Аци таурæхъмæ гæсгæ ма уой зæгъуйнаг ан, æма, цæмæй кæстæртæ лæгигъæдгунæй гъомбæл кæнонцæ, дзилли ‘хсæн се ‘гъдауæй æма гъуддæгутæй арфиаг уонцæ, уомæ гæсгæ ба син хестæртæ гъæуама хуарз дæнцæн уонцæ, фæнзуйнаг. Баруагæс уи уæд, кæстæртæ дæр уинунцæ, ка ци ‘й, æма уони дæр фæндуй сæ хестæртæй сæрустур ун, хуарздзийнадæй си фæххайгин ун.*

## ЛÆГЪУЗДÆР МАХМÆ ÆРХАУДТÆЙ

Раздæр хуæнхбæсти нæ адæм устур бийнонтæй цардæнцæ. Цæуæт берæ кодтонцæ. Адтæй уæхæн лæг æма уосæ, æма сæ байзæдтаг дæс æма инсæййи уæнгæ хъæрдтæй. Авд æма уомæй фулдæр фурттæ кæмæн адтæй, еци бийнонти фæрнгун хæдзарæ худтонцæ. Авд хуасдзауи, авд гъæддзауи, авд тугъдони ци хæдзари адтæй, е, гъай-гъай, адтæй хиццаг; алцæмæй дæр æнхæст: нифсæй, хъаурæй, есбонæй. Берæ бийнонтæн æнцондæр хъæртæн адтæй æвуадат цæрди куститæбæл, тухмиуи уагæбæл сæмæ неке æндиудта. Хумæтæгги нæ байзадæй дзурдæн, еунæг мæгур æй, алкедæр ин тухæ кæнуй, зæгъгæ. Гъе уомæ гæсгæ хæдзари лæхъуæнтæ уститæ корун ку райдайиуонцæ, уæд нæ тагъд кодтонцæ байуарунмæ, бийнонтæй рахецæн унмæ. Цардæнцæ еу цæри буни хецæн уæтти, сæ куст, сæ хуæрдæ ба еу адтæй. Киндзитæ цæуæт кодтонцæ, сæ гъомбæл кæнун фулдæр кастæй нана æма бабамæ. Еци гъуддагмæ сæхе хæдзари куститæй не ‘вдалдæй.

Берæ бийнонти ‘хсæн сувæллæнттæ дæр адтæнцæ алли куститæбæл хуæст, æмхузон сæ рæвдудтонцæ, æ бæдолæн си гъолон миутæ неке кодта. Уæлдайдæр ба сæ фидтæлтæ. Фидæ æ бæдолæмæ æ номæй дæр нæ дзурдта. Дзурдта имæ «биццеу», кенæ «кизгæ». Етæ нанайæн, бабайæн адтæнцæ «уорс дæркъитæ», «дзикъитæ» æма «фуркъатæ», фиди уæхæн æнкъарæн равдесун æгъдау нæ уагъта. Æма, уидæ уотæ дæр, æма биццеу кенæ кизгæ сæ фиди базониуонцæ, ку сæ байуариуонцæ, уæд.

Еууæхæни, дан, Курттати коми еу устур бийнонтæ иуарунбæл ниллæудтæнцæ. Гъуддаг æгъдаубæл, æнæзæрдиххудтæй рахецæн æй. Фал сувæллæнттæй еу биццеу æ зæрдæихалæн кудтæй иуаргути æхемæ ærkæсун кодта æма ‘й бафарстонцæ, ци кæнис, цæбæл кæуис, зæгъгæ. Биццеу син хæкъурццæй кæугæй уотæ:

– Лæгъуздæр махмæ æрхаудтæй!..

Иуаргутæ фиццаг нæ балæдæрдтæнцæ биццеуи дзуапп, фал бийнонти хæццæ ку радзубанди кодтонцæ, уæд рабæрæг æй, æнсувæртæй еу расуггæнагæ ке ‘й, е. Биццеу уотæ балæдæрдтæй, æма иуаргутæ бийнонти есбон нæ иурстонцæ, фал æнсувæрти, æма расуггæнагæ уонæмæ æрхаудтæй – æ фидæ разиндтæй.

***

*Кæстæрти гъомбæл кæнуни гъуддаги берæ фæззелæнтæ ес. Сæйрагдæртæй ба еу е æй, æма гъæуама лæгигъæдгун, фæллойнæуарзагæ, сæхе хъаурæй æма аццагъуæй сæ карни хабæрттæ аразунгъон уонцæ.*

## СОМИ АРГЪ

Еу бонгин лæг æрсæйгæ ‘й æма абонисон кодта. Фал мæлун нæ фæразта. Æ берæ мулк иссæй æ сагъæс. Кæмæн æй уадза? Æ еунæг фуртæй æ зæрдæ нæ ирадæй – магосайæй цæлуарзагæ, æ къох уазал дони некæд ниттулдта. Æма хуарзæн бун ма искæнæ, лæгъузæн бун ма ниуудзæ. Бадзурдта имæ æма ин уотæ:

– Биццеу, тæрсун, мæ бунтæ мин думгæмæ ку ниддарай: фæллойнæн аргъ кæнун нæ зонис. Исон цо æма дæ уоди номбæл сом бакосæ. Æма уæд æз æнæзæрдæдзоргæй рамæлдзæнæн, дæуæн ба – мæ мулк.

Дуккаг бон биццеу рацудæй сæ хæдзарæй. Хеерхæфсæн бунæтти ибæл бон райевгъудæй, уотемæй изæри сæхемæ ‘рбаздахтæй. Мадæ ‘й ревæдæй ку фæууидта, уæд ин еу гæгъæдин сом февардта, дæ фидæмæ ‘й бахæссæ, зæгъгæ.

Фидæ райста сом æма ‘й æнæдзоргæй арти багæлста. Фурт неци исдзурдта, уотемæй æндæмæ фæрраст æй. Фидæ æ фæсте рагъæр кодта:

– Аци сомбæл ду нæ бафудæбон кодтай, мæн дæ бакуст сом гъæуй! Исон æй æрбахæссæ.

Дуккаг бон дæр бабæй биццеу æ рæстæг æнцонæй рарвиста. Изæрæй æ фидæмæ бацудæй, æ мадæ бабæй ин ци сом равардта, уой хæццæ. Фидæ дæр бабæй æй арти багæлста...

Лæхъуæн сагъæси бахаудтæй, уотемæй мæ нæбал ниуадздзæнæй, зæгъгæ.

Æртиккаг бон сæумæраги кустагор рандæ ‘й. Кæми ‘й бакуста, куд æй бакуста, Хуцау æ зонæг, фал изæри фæлладæй еу соми хæццæ æрлæудтæй æ фиди размæ. Фидæ ин æ бони фæллойнæ райста, æ цæститæмæ ин æдзинæг никкастæй æма бабæй æй артмæ бадаргъ кодта. Лæхъуæн ибæл сирди хузæн æхе ниццавта, ци косис, бон – сауизæрмæ мæ хед кæбæл фæккалдтон, уой арти амæттаг цæмæн кæнис, зæгъгæ, æма ин сом æ къохæй раскъафта.

Фидæ æ медбилти бахудтæй.



Каджати Вадим. «Фæззигон сагъæстæ».



***

*Нæ рагфидтæлтæй нин байзадæй ауæхæн фæдзæхст: «Хестæри дзурд мухурæвæрди хузæн!..» Æма уой кæстæртæ сæ зæрдæбæл ку даронцæ, уæд син æнцондæр уодзæнæй сæ царди хабæрттæ аразун. Уомæй уой зæгъуйнаг нæ ан, æма кæстæртæ сæхе зундæй бустæги ма архайонцæ. Бæргæ хуарз æй, куд байлæгъдæр кæнонцæ, уотæ сæ зундирахаст дæр баргъондæр ку кæнидæ. Фал син уæддæр хестæрти зундамунд ба рæствæндаггæнæг уодзæнæй. Уой ку нæ лæдæронцæ, уæдта сæбæл æрцæудзæнæй, мæнæ уин ци уæрикките кой ракæнуйнаг ан, уони цау.*

## УÆРИККИТÆ

Гъæдрæбун фусти дзог хизтæй. Дзогæй дуæ уæрикки фæййеуварс æнцæ æма хебарæй хезунцæ. Зæронд фус сæмæ дзоруй:

– Фудуаг ма уотæ, уæрикките! Дзогæй идард ма цотæ, кенæдта уæмæ ести замана кæсуй.

Нур сæмæ берæгъ къотæри бунæй æ цæстæ даруй æма сæмæ æ цъух рауагъта:

– Æцæгæйдæр, уæрикките! Уомæ ма игъосетæ, е уæмæ хицæ кæнуй. Æхуæдæг базæронд æй æма уæ уой тухххæй нæ уадзуй хецæнæй хезун. Ма имæ игъосетæ. Уайетæ итигъд будурти!

Нæбал байгъустонцæ уæриккитæ зæронд фусмæ æма хезгæ-хезгæй райдард æнцæ дзогæй. Берæгъ сæмæ рагæпп ласта къотæри рæбунæй æма сæ фæххаста.

***

*Уогæ ‘й нæхуæдтæ нæ уинæн, кæстæртæй кадæртæ æцæгæлон хестæртæмæ нæ, фал сæуæнгæ сæхе нийййергутæмæ дæр нæ игъосунцæ, нецæмæ син дарунцæ сæ фæдзæхститæ, адæми ‘хсæн сæ ходуйнаг кæнунцæ сæ æнаккаг миутæй.*

## ÆМА УÆД НУР МÆХЕ МАРГÆ РАКÆНОН?

Асæбе æ цæуæти фудуаг æма æнæсæр миутæй истухстæй, кæуни уæнгæ ‘й æркодтонцæ æма гъарæнги хузæн æ синхагæн дзоруй:

– Мæ уод мин бахуардтонцæ сæ минкъийæй абони уæнгæ. Мæхе сабийдоги мæгурдзийнадтæ гъуди кæнгæй, архайдтон, цæмæй син е дæр уа, мацæмæй гъæуагæ уонцæ. Мæхе феронх кодтон – алцидæр уонæн. Æма, уæлæ Æхсарони цæуæти хузæн ахур æма размæ цæунбæл ку нихххуæстайуонцæ, уæд фæсмонгонд, бæргæ, нæ уайнæ...

– Асæбе, Æхсарон сæ седзæртæй, æнæ фидæй фæгъгъомбæл кодта. Седзæр цæуæт ба царди уæзæ раги балæдæрунцæ.

– Æма нур мæхе рамарон? – никкудтæй Асæбе!

***

*Уæхæн æнæдæнд æма æнæхъуатæ кæмæн рауайунцæ æ цæуæт, еци нийййергутæ ба тæрегъæд бæргæ ‘нцæ, фал, æвæдзи, уомæй сæхуæдтæ дæр фудгин фæуунцæ – æ рæстæги сæ кæстæртæ гъæугæ хузи гъомбæл кæнунбæл куд æма цæйбæрцæ гъудæй, уотæ нæ байархайдтонцæ.*



Плити Валерий. «Зæронд лæг».

## ЗАР МÆНБÆЛ КÆНУН ГЪÆУЙ

Дзæрæхмæт фескъуæлхтæй, æма ибæл лæхъуæнтæ зар искодтонцæ. Фæсевæд иссирдтонцæ муггаги хестæри, бацудæнцæ æ тургъæмæ æма уоми низзардтонцæ.

Зæронд лæг сæ размæ рацудæй, арфæ син ракодта:

– Арфиаг уотæ, æгайтима нин нæ муггагæн кадæ искодтайтæ, гъе, æрмæст зар Дзæрæхмæтбæл кæнун нæ гъудæй. Уобæл кæмидæр абæргутæ исæмбалдæнцæ, æ бæх ин истонцæ, æхе ин мардтонцæ,фал сæбæл фæууæлахез æй, ниццагъта сæ, æхуæдæг дæр, рохсаг уæд, знаги нæмугæй фæммард æй. Уæхæн хабæрттæ ма адтæй амæй размæ дæр. Фал кæд нæ муггагæй ескæбæл зар кодтайтæ, – дзурдта изолдæр зæронд лæг, – уæд зар мæнбæл кæнун гъудæй, æ авд фуртемæй еу дæр æ коммæ кæмæн нæбал кæсуй...

***

*Аци таурæхъмæ гæсгæ ма уой зæгъуйнаг ан, æма гъæугæ гъуддаг еугæр афойнадæбæл арæзт не ‘рцудæй, уæд æрæгиау фæсмонтæй ба ма ци пайда ес. Уогæ уæхæн тæрегъæддаг нийййергути уавæр кæдимайди ба кæмæндæрти зундамонæг фæдзæхст фæууодзæнæй.*

***Уоййадæбæл нæ абони дзубандийæн кæрон кæнæн, идарддæр ба ‘й кæндзинан нæ газети иннæ номерти.***

**Рæсугъддзийнади еугурдуйнеуон бон бæрæггонд цæудзæнæй 9 сентябри. Бæргæ, еци бон нæхемæ æргомдæрæй ку æркæсианæ: нæ царди рæсугъддзийнадæн алцидæр аразæн æви**

*Еу зундгин лæги бафарстонцæ: «Ци ‘й ахурдзийнадæ?..» Е син загъта: «Ахурдзийнадæ ‘й адæми базонун...» Уæд æй никкидæр ма бафарстонцæ: «Цæбæл баст æй хуарзкæнундзийнадæ?..» Е бабæй син загъта: «Адæми хуарздзийнадæбæл!..»*

# СУВÆЛЛОНИ БАРÆВДАУН – УОДИБÆСТÆ!..



*Национ проект «Ахурадæ» æнхæст кæнуни фæткæмæ гæсгæ Дур-Дури коррекцион скъола-интернати «Нифс»-и («Надежда») материалон-техникон ефтонгдзийнадæ хуæздæргонд цæуй. Зæгъæн, æрæги ами байгон кодтонцæ нуриккон æрмадзтæ. Уой фæдбæл арæзт кадгин мадзали нæ республики ахурадæ æма науки министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг* ***Алибегти Эллæ*** *загъта:*

– Национ проект «Ахурадæ»-мæ гæсгæ аразæн нæуæг скъолатæ, рæвдауæндæнттæ æма уæлæнхасæн ахуради центртæ. Сувæллæнттæн, сæ цæрæн бунат кæми ‘й, уой нæ хинцгæй, хуæрзгъæдæ ахурадæ райсуни фадуат кæми уодзæнæй, уой нимайæн хъæбæр ахсгиаг æууæлбæл. Национ проект тæккæ минкъийдæр гъæутæбæл дæр ке рахъæртуй, уомæн ес устур ахедундзийнадæ. Алли сувæллонæн дæр нæуæг зонундзийнæдтæ райсуни фадуат кæми уодзæнæй, абонæй фæстæмæ ами уæхæн нуриккон æрмадзтæ косдзæнæнцæ. Сувæллæнттæн нуриккон ахурадæ амонунмæ цæттæ ка ‘й, уæхæн агъазиау сфæлдистадон коллективбæл исæмбалдтæн. Сувæллæнттæ уæхæн уавæрти хуæрзгъæдæ ахурадæ ке райсдзæнæнцæ, е ми федарæй æруагæс кæнуй.

Скъолай косæнуæтти фæззиндтæнцæ нæуæг станоктæ, хуйæн машинттæ, цардиуагон техникæ æма интерактивон ефтонггæрзтæ. Аци мæйæ ахургæнæндони искосдзæнæнцæ къахидарæси, хуйæн, хуæруйнаггæнæн, арæзтадон, агропромышленнон, кустадон-аййевадон æма æндæр æрмадзтæ.

Скъола-интернати ци нæуæгдзийнæдтæ фæззиндтæнцæ, уой фæдбæл аци ахургæнæндони директор **Хъойбайти Оксанæ** зæрдиагæй райарфæ кодта, ка сæ исаразта, уонæн. Æ радзубандий ма уотæ баханхæ кодта:

– Сувæллæнттæ ахуради нæуæг къабæзти хæццæ базонгæ унмæ турнунцæ. Ке райстан, еци нуриккон ефтонггæрзти фæрци сувæллæнттæмæ нæуæг профессион зонундзийнæдтæ фæззиндзæнæнцæ. Аци зонундзийнæдтæ син фæстæдæр куст иссерунæн фæййагъаз уодзæнæнцæ. Зæгъæн, кустуæттæ ефтонггонд кæмæй æнцæ, нæ хуйæн æрмадзти исæвардтан уæхæн нуриккон техникæ.

***

Дур-Дури коррекцион скъола-интернати ахурдзаути зæрдитæ еума æхцæуæн хабарæй барохс кодтонцæ цæгатиристойнаг центр «Мæ бизнес»» æма амалеуæггæнгути къуар.

– Ахури нæуæг анзи райдайæнмæ «Нифс»-и гъомбæлкæнуйнæгтæн ахури анзмæ балæвар кодтан, сæ ахури сæ æнæмæнгæ ка багъæудзæнæй, уæхæн еугур ефтонггæрзтæ дувæр бæрцæй, – зæгъуй центр «Мæ бизнес»-и разамонæг



**Гаджити Батраз**. – Сæйраг спонсортæ иссæнцæ компанитæ: «Рокос», «Бухардон», «Токар» æма «Карагро». Фонд «Быть добру»-йи хæццæ æмгуст кæнгæй, инсæй агъазгъæуагæ биййнонтемæй фулдæри фиццагкъласонтæн гъæугæ ефтонггæрзтæ равардтан. Адæмæн ке байагъаз кодтан, е нин æхцæуæн æй.

Скъола-интернати нуртæккæ ахур кæнунцæ æртинсæй сувæллони. Æма æ директор Хъойбайти Оксанæ куд загъта, уотемæй, уæхæн иуазгутæ сæмæ æрбацæудзæнæнцæ, зæгъгæ, уой ку базудтонцæ, уæд сæмæ хъæбæр зæрдиагæй æнгъæлмæ кастæнцæ:

– Нæуæг уæледарæс сæ уæле искодтонцæ, уæдта син ци ахурадон ефтонг-



гæрзтæ балæвар кодтонцæ, уонæбæл хъæбæр фæцциййнæ кодтонцæ. Уæхæн зæрдирай бæрæгбон ке исаразтонцæ нæ сабийтæн, уой туххæй арфæ кæнæн нæ хуæрзгæнгутæн.

## Æ КУСТИ АРÆХСТГИН УНМÆ КА ТУНДЗУЙ, ÆНТÆСГÆ ДÆР УОМÆН КÆНУЙ!..

# РÆСТÆГИ РÆСТДЗИЙНАДÆ – ТÆККÆ РАСТДÆР УНАФФÆГÆНÆГ

***Национ проект «Ахурадæ»-и бундорбæл нæ республики Ахуради косгути зонундзийнæдтæ уæлдæр кæнуни институти арæзт æрцудæй, педагогон косгути профессионалон дæсниадæ бæрзонддæр кæнуни мадзæлтти еудадзуг ка косдзæнæй, уæхæн центр.***

Нæ республики ахуради косгути зонундзийнæдтæ уæлдæр кæнуни институти директор **Исахъти Людмилæ** куд загъта, уотемæй е ахсгиаг гъуддаг æй:

– Федералон проект «Федæни ахургæнæг»-и нисантæ æнхæстгæнгæй, национ проект «Ахурадæ»-йи бундорбæл нæ бæсти еугур регионти дæр арæзт æрцудæнцæ, ахургæнгутæ æма разамунддæттæг кадртæн сæ профессионалон дæсниадæ уæлдæр кæнунæн ци нæуæгдæр æма нуриккондæр мадзæлттæй пайдагонд цæудзæнæй, уæхæн центртæ. Центри сæйраг ихæс æй педагогти профессионалон дæсниадæн хецæн ахурадон маршруттæ бæрæг кæнун. Еци центрæн нæуæг уавæртæ исаразуни гъуддæгутæн субсиди дехгонд æрцудæй еуæндæс миллион соми.

Центри ес аллихузон хайæдтæ. Ахургæнгутæй алкæмæн дæр æхе дæсниади урухдæр æма арфдæр зонундзийнæдтæн информацион-аналитикон центр, наукон-




методикон хайадæ, фотолаборатори, лекцитæкæсæн зал.

Нæуæг центр байгон кæнуни фæдбæл Уæрæсей Федераций рохсади министради æнхæстгæнæг директор **Павел Кузьмин** видеобастдзийнади фæрци арфæ ракодта нæ республики ахургæнгутæн æма загъта, ахурти курс равзарунæн син центри специалисттæ сæрмагонд нæуæг программитæ ке амондзæнæнцæ, уой.

Нæ республики ахурадæ æма науки министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Алибегти Элли** гъудимæ гæсгæ, ахуради системи ци берæ нæуæгдзийнæдтæ фæззиндтæй, етæ айдагъ скъоладзаутæ æма студентти нивæбæл ахурадæн нæ ‘нцæ, фал ахургæнгути зонундзийнæдтæн дæр.

– Æз алли хатт дæр мæ гъуди æргом фæззæгъун, гъома, ахуради системи ирæзтæн нæййес уæн æнæ профессионалон цæттæдзийнадæй ахургæнгути хæццæ. Ес аразæн нæуæг скъолатæ, ефтонг кæнæн сæ аллихузон нуриккон æма хъазар ахурадон техникæй, фал сæбæл косун ка зона, уæхæн педагогтæ ку нæ уа, уæд гъæугæ дæр цæмæн кæнунцæ? Хуарз ахургæнæг, хъаурæгин разамунддæттæг кадртæ ба аци фарста хуæздæрæрдæмæ раййевдзæнæнцæ. Раздæр æнзти ахургæнгутæ сæ зонундзийнæдтæ уæлдæр кæнуни институтмæ курситæмæ æрвист цудæнцæ, ес ин гæнæн æви нæййес, уæхæн фæткæвæрдмæ гæсгæ.

Еци курсити системæ раййевунбæл дзубанди цудæй æрæги ахургæнгути августи аллианзон урух æмбурди. Педагогтæн, æнæмæнгæ, гъæуй кæцидæр ахурадон къабази хецæн агъаз, сæхе ке фæндуй, еци фарстати, æма нæуæг центри фæрци сæ къохи бафтуйдзæнæй фулдæр æнтæстдзийнæдтæ.

Нæ рагфидтæлтæй нин байзадæй уæхæн зундгин загъд: «Рæстæги рæстдзийнадæй растдæр унаффæгæнæг нæййес!..» Æма нин аци амунддзийнадæ абони дæр нæ цардиуаги еугур гъуддæгути дæр бæргæ исбæззидæ, раст æй ку лæдæрæн æма ‘й ку æнхæст кæнæн, уæд. Уой бундорбæл гъæуама арæзт цæуа, мæнæ ци Центри кой кæнæн, уой архайд дæр. Зæгъун гъæуй, уавæртæ æма фадуæттæ дзуапп дæттунцæ нуриккондæр техникон кусти домæнтæн. Ес си еугур мадзæлттæ дæр, сæ зонундзийнæдтæ уæлдæр кæнунæн сæхуæдтæ ци программæ равзаронцæ, уой исахур кæнунæн.

Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».

**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№1997.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 03.09.2021.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 03.09.2021.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**

**Использование материалов допускается только с разрешения редакции. При перепечатке ссылка на газету «Дигора» обязательна.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**

**Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**

**Ответственность за опубликованные материалы, рекламу и объявление несет автор.**